



KISA MIAMI 21 YE?

Avèk vizyon ak lidèchip Majistra Manny Diaz, Sèvis Planifikasyon Vil Miyami anbake l nan yon misyon ki san presedan: yon pase men konplè sou kòd zonaj Vil la pou kreye yon lwa ki pi klè ak pi efikas. Non pwojè a, "Miami 21", reprezante "Miyami nan 21è Syèk la", epi li vle di tou yon apwòch global nan itilizasyon teren ak amenajman vil la pandan y ap elaji anplè yon plan direktè ibanis tradisyonèl pou l vin yon plan vrèman konplè. Miami 21 pral ofri yon vizyon klè pou Vil la ki pral chita sou direktiv ak nòm espesifik, yon fason jenerasyon k ap vini yo pral rekòlte benefis katye ki gen ekilib ak bon jan kalite lavi.

Miami 21 ap konsidere tout karakteristik fondamantal ki pral fè chak zonn andedan Vil la tounen yon kote ki pa gen tankou l ki bon pou viv, pou aprann, travay ak jwe. Sis eleman an jeneral pral sèvi kòm baz nan devlopman pwojè a: Kòd ki baze sou fòm, Devlopman Ekonomik, Transpò, Pak ak Espas Lib yo, Zèv-Da ak Kilti epi Prezèvasyon Istorik.

POUKISA N AP FÈ SA?

Regleman Zonaj ki genyen kounyeya baze sou "itilizasyon" (komèsyal, rezidansyèl ak endistriyèl, elatriye) ak "dansite" yon pwopriyete (kantite inite lojman ki genyen pa demi ekta). Kòm konsekans, kote moun abite, travay, fè anplèt ak pran plezi yo gen anpil distans youn ak lòt. Règleman Zonaj ki la kounyeya gen tou yon kantite amandman ak chanjman andedan amandman ki deja la, ki jis ofri yon solisyon tanporè pou pwoblèm itilizasyon tè. Objektif Miami 21 se abòde pwoblèm sa yo yon fason ki pi klè ak pi efikas. Miami 21 se yon Kòd ki baze sou fòm, sa vle di, yo mete aksan sou "fòm" (fòm/konfigirasyon) yon batiman - epitou relasyon tout bilding yo geyen yonn ak lòt, relasyon yo ak ri yo epi espas lib yo, olye yo mete aksan sou itilizasyon. Kòd ki baze sou fòm nan gen ladan prensip "kwasans entelijan", ki konsantre sou yon pi gran melanj lojman yo, itilizatè komèsyal ak detayan, kominote ki oryante pou transpò piblik ak kominote pyeton, epi prezève espas lib yo, ak anpil lòt zonn distraksyon.

Miami 21 pral bay direktiv ki pi klè ak espesifik, konza l ap elimine nesite pou fè revizyon oswa koreksyon. Sa ap kreye tou yon pwosesis autorizasyon pi rapid, epi yon anvivonman ki pi estab pou envestisman, yon bagay ki enpòtan pou siksè Miyami san rete. Miami 21 an se yon envestisman ki la pou lontan pou konsève ak amelyore kalite lavi Vil nou an, ak vwazinaj nou yo.

KI MOUN K AP PATISPE NAN MIAMI 21?


Depatman Planifikasyon Vil Miami an alatèt yon ekip konseye ki genden ladan Duany Plater Zyberk & Company (DPZ) yon antrepriz ibanis-konsèy repitasyon mondyal ki baze Miyami ansanm ak sou-konseye ekonomik Economic Reaseach Associates (ERA) epi Gannett Fleming pou transpò.

HKOUMAN YO PRAL REYALIZE MIAMI 21?

Pou yo akselere devlopman inisyativ sa a, yo divize Vil la an kat seksyon (S, Lwès, Nò ak Sid). Y ap egzekite chak seksyon lè yo fini avè

Miami 21

Kat Jeyografik Seksyon



l, chak ap pran apeprè sis mwa pou l fini. Seksyon y ap fè etid sou li kounyeya se Seksyon Ès la, ki genyen limit sa yo (gade sou kat la tou)

- Nò pa limit Vil la nan Nò, soti I-95 rive Biscayne Bay
- Lès pa Biscayne, soti nan NE 87 Street rive SW 15 Road
- Sid pa SW 15 Road, soti Biscayne Bay rive I-95
- Sidwès pa I-95, soti SW 15 Road rive nan "Miami River"; epi pa Miami River, soti I-95 rive SR 836
- Lwès pa SR 836, soti "Miami River" rive I-95, epi pa I-95, soti SR 836 rive nan limit nò Vil la (NE 79 Street)

KILÈ MIYAMI 21 PRAL KÒMANSE?

Anvan Miami 21 kòmanse, yo fèt pou prezante l devan Komite Konsiltatif Amenajman Teritwa a (Planning Advisory Board) (PAB) ak Komisyon Vil la pou yo adopte l finalman. Seksyon S la, ke y ap fè etid sou li kounyeya, yo kalkile li ka egzekite nan twazyèm trimès 2006. Yon fwa li ann egzekisyon, y ap kòmanse travay nan pwochen seksyon an, yo poko decide kilès.

Gen yon tan k ap rive, Miyami pral fè tèt li vin yonn nan zonn lavil an premye plas yo ki ofri yon gwo kalite lavi kote moun viv, travay ak pran plezi yo.

Ekzanp sa a yo aplike prensip Miami 21 nan pwojè ki la deja. Tanpri konprann ke sa yo se sèlman ezanp yo bay piblik la pou l konprann pi byen aspè chanjman Miami 21 pral abòde.



<
A
N
V
A
N
>



>
A
P
R
E
>



<
A
N
V
A
N
>



>
A
P
R
E
>



<
A
N
V
A
N
>



>
A
P
R
E
>